



ENFÒMASYON POU PARAN



Responsablitè ak Lekòl Nan New York: Konprann Nouvo Fason yo Evalye Lekòl yo

Objektif “Every Student Succeeds Act” (Tout Elèv Reyisi) oubyen “ESSA” an angle, lwa federal prensipal pou enstriksyon piblik sòti jadendanfan rive 12ème ane, se asire yo tout timoun gen bon jan edikasyon. Lwa a mande pou eta yo rann lekòl yo responsab pou kalite rannman elèv yo bay. ESSA bay eta yo posibilité pou yo fè kèk chanjman nan sistèm evalyasyon an – apa nòt egzamen, yo ka itilize lòt mezi pou yo evalye lekòl yo.

ESSA pou egalite nan domèn edikasyon, sa vle di tout elèv reyisi e yo travay byen lekòl kèlkeswa ki moun yo ye, ki kote y abite oubyen ki kote y al lekòl. Sistèm responsablitè a pèmèt sa rive akòz li ankouraje yon konvèrsasyon onèt sou ki lekòl k ap bay bon rannman ak sou ki sa yo ka fè pou yo bay pi bon rannman toujou. Sistèm responsablitè sa a ban nou opòtinite pou nou aprann nan men lekòl k ap fonksyone byen yo epi pou nou mete fon ak resous nou yo nan lekòl ak distri eskolè ki bezwen amelyorasyon yo.

Nouvo Sistèm Responsablitè a

Depatman Edikasyon Eta Nouyòk tabli yon nouvo seri endikatè pou mezire pèfòmans lekòl yo. Depatman an te devlope endikatè sa yo ak kontribisyon plizyè milye moun nan tout eta a—paran, edikatè ak ekspè. Nouvo endikatè yo depase yon objektif limite pou evalye pwogrè elèv yo nan lang Angle ak matematik. Yo gen ladan yo tou lòt matyè fondamantal tankou syans ak syans sosyal, e yo pòte plis atansyon sou devlopman ak pwogrè eskolè elèv la. Evalyasyon toujou rete enpòtan, men nouvo sistèm responsablitè an ofri yon rega ki pi konplè sou fason yon lekòl ap fonksyone. Nouvo sistèm la itilize mwayen nonakademik pou evalye pèfòmans lekòl la.

Nouvo endikatè yo gen ladan yo tou siksè akademik, devlopman ak pwogrè eskolè elèv la, pwogrè elèv k ap aprann Angle, absans kwonik, to gradyasyon pou lekòl segondè ak preparasyon elèv pou inivèsite, karyè ak angajman sivik.

Pou chak endikatè sa yo, chak lekòl gen nòt “1” jiska “4.” En, se nòt ki pi fèb la. Kat, se nòt ki pi wo a. Lekòl yo jwenn nòt pou tout elèv ak tout sou-gwooup elèv, tankou gwoup moun diferan ras, diferan gwoup etnik, elèv ki pa gen gwo mwayen, elèv ki gen yon andikap ak elèv k ap aprann pale Angle.



Kijan Lekòl yo Klase

Sistèm eskolè ki responsab sipèvizon kategorize lekòl yo nan youn nan twa gwoup sa yo: Lekòl ka p fonksyone byen (GS), lekòl ki gen Sipò ak Amelyorasyon konplè (CSI) oswa Sipò ak Amelyorasyon sible (TSI). Tou de kategori lekòl sa yo, CSI ak TSI, kalifye pou jwenn sipò siplemantè.

Yo ka idantifye yon lekòl kòm CSI paske lekòl la fonksyone nan nivo "1" dapre yon kombinezon nouvo endikatè. Pou lekòl segondè yo ak tout lòt gwoup elèv, to gradyasyon dwe pi piti pase 67 poustan. Apati 2018-19, chak twazan eta Nouyòk pral idantifye omwen 5 poustan lekòl ki tonbe nan kategori CSI.

Yo ka idantifye yon lekòl kòm TSI si youn oswa plizè sou-gwoup elèv ap fonksyone nan nivo "1" dapre yon kombinezon nouvo endikatè. Si yon lekòl te déjà nan kategori (GS), kidonk se apre dezan pèfòmans fèb li ka vin tonbe nan kategori TSI.

Kijan Klasman yo Fonksyone

Sistèm klasman sa a base sou reyalize egalite nan edikasyon. Lè n idantifye lekòl ki bezwen plis atansyon yo, Depatman Edikasyon Eta Nouyòk ak distri eskolè yo ka konsantre plis sou resous y ap bay lekòl sa yo.

Si yo te idantifye lekòl ptit ou an kòm yon **lekòl** ki gen Sipò ak Amelyorasyon Konplè (CSI), yo pral pran plizyè etap:

- Lèkòl la ap fè yon evalyasyon pou detèmine kisa ki fonksyone byen e kisa ki pa fonksyone byen. Paran yo ak manm nan kominote an ap gen opòtinite pou patisipe nan evalyasyon sa sa. Apresa, lekòl la ap devlope yon plan amelyorasyon eskolè.
- Yon fwa distri eskolè ak eta a apwouye plan amelyorasyon an y ap mete li an aplikasyon. L ap gen ladan omwen yon estrateji amelyorasyon nan tout lekòl la. Sa kapab tou chanje fason yo depanse lajan oswa ranfòse fason yo bay elèv yo sipò sante sosyal ak emosyonèl nan salklas. Pwofesè ak anplwaye lekòl yo ap patisipe nan devlopman pwofesyonèl. E lekòl ou an ap kalifye pou l jwenn plis lajan pou sipòte estrateji amelyorasyon an.
- Lekòl ou an ap bay paran ak elèv yo opòtinite pou deside kijan lajan depanse nan kèk lekòl oswa patisipe nan lòt aktivite ka p ba yo opòtinite pou eksprime opinyon yo.
- Si lekòl ou an pa amelyore, yo kapab pran lòt mezi, e si pèfòmans lekòl la tojou rete fèb, leta ka sezi lekòl la.

Si yo te idantifye lekòl ptit ou an kòm yon **lekòl** ki gen Sipò ak Amelyorasyon Sible TSI, yo pral pran plizyè etap:

- Lèkòl ou an ap fè yon evalyasyon pou detèmine kisa ki fonksyone byen e kisa ki pa fonksyone byen. Paran yo ak manm nan kominote an ap gen opòtinite pou patisipe nan evalyasyon sa a. Apresa, lekòl la ap devlope yon plan amelyorasyon eskolè.
- Yon fwa distri eskolè a apwouye plan amelyorasyon sa a y ap mete li an aplikasyon, k ap gen ladan I omwen yon estrateji amelyorasyon nan tout lekòl la. Distri eskolè a ap bay lekòl la plis sipò teknik.
- Chak ane lekòl ou an ap fè yon sondaj ak paran, pwofesè e ak elèv yo.
- Si apre plizyè ane pa gen amelyorasyon nan lekòl ou an, yo ka klase lekòl ou an kòm Sipò ak Amelyorasyon Konplè CSI.

Mèsi pou sipò ou. Lekòl ptit ou a, distri eskolè a ak Eta Nouyòk ap travay pou yo asire yo tout timoun gen bon jan edikasyon. Tanpri kontakte direktè lekòl ou an pou aprann kijan ou kapab patisipe nan mete kanpe yon lekòl ki pi dyanm.